



Pou Piblikasyon Imedya: 21/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ADMINISTRASYON TI BIZNIS ETAZINI AN PRAL
OFRI ASISTANS FEDERAL POU REZIDAN AK PWOPRIYETÈ BIZNIS YO KI
AFEKTE AKOZ GWO TANPÈT AK INONDASYON**

***Pwopriyetè kay, lokatè, ak pwopriyetè biznis nan konte Madison, Chenango,
Cortland, Oneida, Onondaga, Oswego ak Otsego ka aplike pou prè ki gen to
enterè ba nan Administrasyon Ti Biznis Etazini***

[Aplikasyon pou prè yo disponib sou entènèt](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke asistans federal disponib pou Nouyòkè nan Konte Madison ansanm ak konte ki ozalantou yo tankou Chenango, Cortland, Oneida, Onondaga, Oswego ak Otsego. Pwopriyetè kay yo, lokatè yo ak biznis yo kounye a elijib pou aplike pou prè ki gen enterè ki ba Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) Etazini an pou ede nan rekiperasyon anba enpak tanpèt yo ki te lakòz gwo domaj nan kay ak biznis yo nan dat 22 jen.

"Èd disponib kounye a pou Nouyòkè ke tanpèt nan kòmansman sezon ete sa a te afekte," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen ankouraje anpil pwopriyetè kay, lokatè, ak pwopriyetè biznis k ap reprann yo apre domaj tanpèt yo pou pwofite pwogram asistans sa a."

Senatè Charles Schumer te deklare, "Nan mwa jen, kay ak biznis atravè Sant Nouyòk ak Vale Mohawk te sibi inondasyon katastwofik ak van fò tankou tònadò ke gwo move tan te lakòz. Kounye a, nou ap debloke resous federal pou pwopriyetè kay ak pwopriyetè biznis yo ka jwenn prè ki gen enterè ki ba atravè Administrasyon Ti Biznis Etazini pou reprann yo apre tanpèt yo, fè reparasyon esansyèl epi ranplase pwopriyete ki andomaje yo. Mwen pap janm sispann lite pou ede moun ak biznis reprann yo apre tanpèt devastatè sa a, epi pou ede kominote move tan afekte yo nan Nò Eta Nouyòk pou rebati pi solid."

Senatè Kristen Gillibrand te deklare, "Kominote nan Sant Nouyòk ak zòn ki alantou yo toujou nan faz rekonstriksyon apre domaj tanpèt ak inondasyon ki te fèt nan kòmansman ezon ete sa a. Jodi a, mwen rekonesan ke rezidan yo ak ti biznis yo pral kapab jwenn sipò federal yo bezwen an. Pandan chanjman klimatik ap kontinye lakòz evènman metewolojik tankou sa yo rive pi souvan ak pi grav, mwen pral kontinye lite

pou asire ke fanmi, pwopriyetè kay, ak ti biznis yo gen aksè a resous yo bezwen pou reprann yo epi pwospere."

Manm Kongrè John W. Mannion te deklare, "Mwen konnen difikilte anpil moun ap kontinye fè fas akoz move tan grav nan mwa jen, se pou sa mwen te lite pou asire konte lokal nou yo te enkli nan deklarasyon sa a. Èd federal pou katastwòf se youn nan zouti ki pi enpòtan nou genyen pou ede fanmi ak biznis yo reprann yo, epi biwo mwen an la pou ede nenpòt moun nan NY-22 ki bezwen asistans pou itilize pwosesis aplikasyon an oswa jwenn sipò sa a."

Pwopriyetè kay, lokatè ak biznis ki nan konte yo deklare yo elijib kounye a pou prè SBA yo. Prè SBA yo kapab trè itil pou pati ki elijib yo ki bezwen asistans finansyè pou yo pran wout rekiperasyon an apre dezaz ki gen rapò ak move tan ak lòt ijans yo.

Gwoup ki annapre yo gen dwa kalifye pou èd prè pou katastwòf SBA:

- Mèt kay yo: jiska 500,000 dola pou repare rezidans prensipal yo.
- Mèt kay ak lokatè yo: jiska 100,000 dola pou repare oswa ranplase byen pèsònèl yo ki andomaje oswa kraze.
- Pwopriyetè biznis yo: jiska 2,000,000 dola pou ranplase pwopriyete, envantè, machin, ekipman ak lòt pèt fizik.
- Biznis ak òganizasyon san bi likratif yo: Prè pou Katastwòf avèk Dega Ekonomik jiska 2,000,000 dola pou bay fon woulman ki nesèsè jiskaske operasyon nòmal yo rekòmanse apre yon katastwòf.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta Nouyòk la, Jackie Bray, te deklare, "Nouyòkè ke move tan grav afekte nan mwa jen ta dwe konsidere pwofite prè federal sa yo ki gen enterè ki ba. Asistans sa a pral anpil ede pwopriyetè kay, lokatè, ak biznis yo pandan y ap reprann yo apre tanpèt mwa jen yo."

Nouyòkè yo ka jwenn plis enfòmasyon, [telechaje aplikasyon yo, epi aplike sou entènèt](#). Yo ka rele Sant Sèvis Kliyan SBA a tou nan (800) 659-2955 oswa voye yon imèl bay disastercustomerservice@sba.gov. Lokal pou asistans an pèsòn ak aplikasyon yo pral anonse nan jou ki ap vini yo.

Moun ki soud, ki mal pou tande, oswa ki gen yon andikap pou pale, kapab rele 7-1-1 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekominikasyon yo.

Dat limit pou voye aplikasyon yo tounen pou domaj materyèl yo se 20 oktòb 2025. Dat limit pou voye aplikasyon pou dega ekonomik yo tounen se 20 me 2026.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou jwenn plis

enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES la](#), swiv [@NYSDHSES sou X](#) oswa ale sou [dhses.ny.gov](#).

Resevwa mesaj tèks alèt ijans ak meteyo an tan reyèl dirèkteman sou telefòn ou. Voye yon mesaj tèks ak non konte oswa katye ou rete a nan 333111 pou enskri kounye a. Aprann plis sou [dhses.ny.gov/emergency-alerts](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)